

KISA FOUNISÈ VETERAN YO TA DWE KONNEN SOU VET-HOME



Kisa VET-HOME ye?

Ekspozisyon Veteran yo – Rezilta sou Sante Ekip Ekspozisyon Militè yo (VET-HOME) se yon pwogram veteran kap sèvi Veteran ki ekspoze nan anviwonman militè yo. Pi gwo priyorite I se pou fè evalyasyon rejis telesante Kongrè a bay manda pou Veteran yo toupatou nan Etazini.

Kijan mwen ka kontakte VET-HOME?

 **Rele nan liy telefòn gratis:**
833-633-8846 oswa
833-MEE-VTHM

Peze 1 si ou se yon Veteran

Peze 2 si ou se yon founisè VA

 **Èdtan:**
9:00a.m. rive 7:30p.m.
lè nan Lès

 **Pòtal VET-HOME:**
vethome.va.gov

Kijan VET-HOME ede founisè VA yo?

Founisè VA yo ka kontakte VET-HOME pou jwenn enfòmasyon sou:

- **Ekspozisyon anviwonman militè** yo ak fason yo gen rapò ak sante Veteran yo
- Gid sou **evalyasyon dyagnostik** yo
- **Pwogram rejis sante anviwonman** VA ak lòt sèvis ki gen rapò ak ekspozisyon

Founisè VA ki gen kesyon klinik sou ekspozisyon anviwonman militè yo pral konekte ak yon klinisyen VET HOME. Yon klinisyen VET-HOME se yon doktè, asistan doktè, oswa enfimyè pratikan ki gen fòmasyon espesyal nan ekspozisyon a anviwonman militè yo. Klinisyen VET HOME sa yo sitiye nan tout peyi Etazini.

Founisè VA ki gen pasyan ki gen sentòm ki pèsistan e ki pa eksplike medikalman ka konsidere mete yon referans ant etablisman yo nan Sant Etid Maladi ak Aksidan ki gen rapò avèk Lagè (WRIISC).

Gen plis enfòmasyon sou WRIISC ak pwosesis referans la disponib isit la: warrelatedillness.va.gov/WARRELATEDILLNESS/referral/index.asp

VA



U.S. Department of Veterans Affairs
Veterans Health Administration

Kisa rejis sante anviwònman VA yo ye?

Rejis sante anviwonman VA yo bay Veteran ki elijib yo evalyasyon medikal volontè pou ekspozisyon anviwònman an san yo pa peye anyen. Yon evalyasyon rejis se yon istwa apwofondi ak fizik ak atansyon espesyal sou sentòm ak enkyetid potansyèlman ki gen rapò ak ekspozisyon anviwònman militè yo; li pa enkli opinyon sou tretman oswa andikap. Aprann plis sou rejis sante anviwònman VA a nan: <https://www.publichealth.va.gov/exposures/benefits/registry-evaluation.asp>.

Kimoun ki ka kontakte VET-HOME?

VET-HOME disponib pou Veteran ak founisè VA. Yo ankouraje founisè VA yo pou pataje enfòmasyon sou VET-HOME ak pasyan yo ansanm avèk kòlèg yo ki vle enfòmasyon sou evalyasyon rejis VA yo. Nenpòt Veteran ki elijib pou yon evalyasyon rejis sante anviwònman nou ankouraje w pou kontakte VET-HOME.

Si mwen se yon founisè swen sante VA, èske mwen ka espere nenpòt kominikasyon nan men VET HOME sou pasyan mwen yo?

Tout dokiman VET-HOME yo pral antre nan dosye sante elektwonik (CPRS oswa Cerner) nan etablisman VA lakay Veteran an. Klinisyen VET-HOME pral mete ajou lis pwoblèm Veteran an tou. Nan ka kote ta gen nenpòt anomali klinik enpòtan (tankou yon nouvo kansè oswa tès laboratwa enpòtan), klinisyen VET-HOME lan pral kontakte founisè swen prensipal Veteran an atravè kominikasyon etwat.

VA kounye a ofri rejis sante anviwònman sa yo:

- [Rejis Ajan Orange](#)
- [Rejis sou risk ayeryen ak brili ouvè](#)
- [Rejis Gè Gòlf la](#)
- [Rejis radyasyon iyonize](#)
- [Pwogram Swivi diminisyon Iranyòm](#)
- [Sant Siveyans Fragman Toksik Entegre](#)

E si mwen bezwen tretman pou yon pwoblèm ki gen rapò ak sante?

Paske klinisyen VET-HOME yo pa swiv Veteran yo pandan le tan, tretman an andeyò limit yo. Veteran ki bezwen tretman pou sentòm oswa kondisyon ki asosye ak ekspozisyon anviwònman militè yo ankouraje yo pou fè swivi avèk founisè swen prensipal yo ak / oswa espesyalis apwopriye.

Èske VET-HOME oswa patisipasyon nan egzamen rejis la ap ede Veteran yo resevwa benefis VA?

Malgre yo ka itilize evalyasyon rejis yo pou sipòte reklamasyon andikap, yo separe epi diferan de evalyasyon andikap. Antanke yon pwogram Administrasyon Sante Veteran yo, VET-HOME pa gen dwa bay opinyon sou rezon pou reklamasyon andikap yo, ki relve nan kompetans Administrasyon Benefis Veteran. Nou ankouraje veteran ki gen kesyon oswa enkyetid ki gen rapò ak reklamasyon andikap yo pou yo rele 1-800-827-1000 oswa pou yo fè yon reklamasyon sou Entènèt nan www.va.gov/disability.

Ki kote mwen ka jwenn lòt enfòmasyon anliy?

Pou plis enfòmasyon, vizite [paj wèb VET-HOME web page](http://www.va.gov).

Pou jwenn enfòmasyon sou ekspozisyon anviwònman militè yo, ale nan publichealth.va.gov/exposures/index.asp.

VA



U.S. Department of Veterans Affairs
Veterans Health Administration

